

**DUMADINE JAGAD SAJRONE TEKS WIDYA KIRANA  
(TINTINGAN FILSAFAT)**

**MOHAMAD IQBAL MIFTAHUL FAIZIN**

S-1 Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[mohamadfaizin@mhs.unesa.ac.id](mailto:mohamadfaizin@mhs.unesa.ac.id)

**Drs. H. Bambang Purnomo, M.S.**

Dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Dhaerah (Jawa), Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya

**ABSTRAK**

Jagad mujudake sekabehe bab kang ana neng jagad gumelar kang nduwensi proses dumadine. Pamikiran-pamikiran para filsuf ngenani jagad diwujudake arupa teori-teori filsafat. Para pangripta karya sastra mligine karya sastra Jawa klasik anggone ngripta sawijine karya sastra nglebokake aspek-aspek filsafat kasebut marang karya sastrane. Underaning panliten, yaiku: (1) kepriye *karakteristik* teks *Widya Kirana*, (2) kepriye aspek filosofise teks *Widya Kirana* awujud dumadine jagad, (3) kepriye nilai kang kinandhut sajrone teks *Widya Kirana*. Ancas saka panliten yaiku: (1) njlentrehake karakteristik teks, (2) njlentrehake aspek filosofise teks *Widya Kirana* awujud dumadine jagad, (3) njlentrehake nilai kang kinandhut sajrone teks *Widya Kirana*.

Teori kang digunakake yaiku teori kaya kang diandharake dening Endraswara yaiku minangka ilmu kearifan kang ngrembug samubarang sajrone panguripan. Miturut teori kasebut ilmu filsafat nduwensi telung aspek yaiku ontologi, epistemologi, lan aksiologi. Katelu aspek kasebut bakal digunakake kanggo nganalisis teks *Widya Kirana*.

Panliten iki kalebu panliten kualitatif kang asipat deskriptif. Asil transliterasi teks *Widya Kirana* dadi sumber dhata. Pethikan kang awujud tembung, ukara, lan wacana sajrone teks *Widya Kirana* minangka dhata kang dianalisis. Anggone ngumpulake dhata kanthi teknik *axial coding* utawa merang-merang.

Asiling panliten nuduhake (1) karakteristik teks *Widya Kirana* yaiku irah-irahan, ukuran lan kahanan, panulisan lan wektu panulisan, basa, wujud, lan isi. (2) aspek filosofis sajrone dumadine jagad yaiku dumadine rembulan, lintang, srengenge, swasana, tirta, rina wengi, segara, maruta, ebun, trimurti, tripurusa, wiji, bumi, asil tambang, thethukulan lan kewan, apsara-apsari, lan manungsa. (3) Nilai-nilai kang kinandhut sajrone teks *Widya Kirana* ana papat yaiku welas asih, ngedohi sipat murka, tirakat, lan salat.

**Tembung wigati :** teks *Widya Kirana*, filsafat, *karakteristik*, jagad, aspek filosofis

**PURWAKA**

**Pamurwane Panliten**

Kasusastran minangka salah sawijine asil cipta, karya, lan karsane manungsa, kang ngandhut kaendahan sarta piguna tartamtu. Kasusastran kuwi akeh banget jinise salah sijine yaiku kasusastran Jawa. Kasusastran Jawa ngasilake macem-macem reription sastra. Sastra Jawa dhewe akeh tuwuhan lan ngrembaka samadyaning bebrayan Jawa, lumrahe nggambarkake kahanan sosial lan kabudayane masyarakat Jawa lan mujudake karya sastra kang nggunakake basa Jawa.

Pangrembakane kasusastran Jawa bisa kaperang manut wektu pangriptane. Purnomo (2007:79) ngandharake, yen kasusastran Jawa miturut wektu pangrembakane kaperang dadi papat, kang kapisan yaiku kasusastran Jawa Kuna, kasusastran Jawa Pertengahan, kasusastran Jawa Anyar, lan kasusastran Jawa *Mutakhir*. Kasusastran Jawa Kuna tuwuhan wiwit abad X kang ditandhani kanthi pangrembakane kakawin lan reription *prosa* saka crita India. Kasusastran Jawa Pertengahan

tuwuhan ing pungkasane abad XV tumekane abad XVI, kang ditandhani kanthi pangrembakane kidung. Kasusastran Jawa Anyar tuwuhan ing satengahe abad XVI, kang ditandhani kanthi pangrembakane tembang macapat. Kasusastran Jawa *Mutakhir* tuwuhan ing abad XX, kang ditandhanikanthi anane pengaruh saka unsur *estetika Barat* sajrone reription sastrane (Purnomo, 2013:79).

Jinise kasusastran Jawa ana maneka warna salah sijine yaiku Sastra Jawa Anyar. Kasusastran Jawa Anyar manut wektu pangrembakan lan jinise reription sastrane bisa kaperang dadi loro, yaiku Jawa Anyar-Pesisiran lan Jawa Anyar-Klasik. Kasusastran Jawa Anyar-Pesisiran tuwuhan luwih tuwa, yaiku ing jaman ngrembakane pamarentahan Kasultanan Demak. Kasusastran Jawa Anyar-Klasik ngrembaka nalika jaman Kasultanan Pajang nganti tumekane Kasunanan Surakarta lan Kasultanan Yogyakarta, kanthi pujangga kang pungkasan yaiku R. Ng. Ranggawarsita.

Adhedhasar pusat pangrembakane sastra Jawa Anyar uga digolongake dadi loro yaiku sastra Jawa Pesisiran lan sastra Jawa klasik. Sastra Jawa Pesisiran

ngrembaka neng dhaerah pesisir lor pulo Jawa, isine didhominasi piwulang ngenani agama Islam (sariat, akhlak, lan akidah) lan rata-rata awujud tembang macapat. Dene sastra Jawa klasik didhominasi dening sastra kraton utawa pedhalaman (Suwarni, 2016:2). Robson sajrone Suwarni (2016:3) ngandharake yen salah siji titikane sastra Jawa anyar yaiku anane pangaribawa saka agama Islam. Para pujangga nggubah karya sastra Jawa Kuna lan Pertengahan kang moncer nggunakake basa Jawa Anyar, uga ana kang digubah saka kakawin dadi tembang macapat lan tembang gedhe. Kang kaya mangkono diarani karya bangunan. Saliyane bangunan, pujangga uga ngripta karya anyar kang diarani karya yasan kang tegese nyiptakake.

Salah sawijine reriptan sastra Jawa Anyar-Klasik yaiku teks anggitane Empu Yogiswara. Teks mau nduweni irah-irahan *Widya Kirana*. Kanggo nggampangake, irah-irahan *Widya Kirana* iki sabanjure kasebut WK. Yen dideleng saka irah-irahane, teks iki dumadi saka rong tembung, yaiku tembung *Widya* lan tembung *Kirana*. *Widya* tegese kawruh utawa kawicaksanan (Poerwadarminto, 1939:2053). Dene *Kirana* tegese sorot/cahya, endah, elok (Poerwadarminto, 1939:674). Mawas saka saperangan teges kasebut, teks WK bisa ditegesi minangka sawijine teks kang ngemot kawruh kang endah.

Pigeaud sajrone Purnomo (2007:29) ngandharake, yen naskah utawa teks kang ana ing Indonesia ana pirang-pirang jinise, yaiku (1) *epik*, (2) *histiografi* tradhisional, (3) basa, (4) *genealogi* manungsa lan raja-raja, (5) *filsafat* lan *folklor*, (6) *religi*, (7) mistik, (8) *etik* lan *didaktis*, (9) paugeran lan norma hukum, (10) obat-obatan, (11) palintangan, (12) nujum, (13) *arsitektur* tradhisional. Adhedhasar jinise teks mau, *Serat Widya Kirana* iki kalebu ing teks mistik *filosofis* amarga teks iki ngandhut pamikiran-pamikiran ngenani apa-apa kang dumadi.

Teks WK wis diterbitake uga kaaran Teks *Darma Sonya* nanging salugune kang kapethik neng Teks WK yaiku mung ngenani bab pamurwane dumadi. Dene sejatiné Teks *Darma Sonya* nduweni maneka warna isi kayata kawruh jaman semana (jaman kadewatan) lan kang wis kawedalake mau durung ana kang jangkep, ana kang mung nganti 8 bab, ana kang 16 bab. Teks WK dhewe kasusun saka 18 bab kang awujud gancaran. Teks WK diterbitake lan dipublikasikake dening Boekhandel Tan Khon Swie taun 1922. Teks WK mujudake teks kang cetha banget, saliyane iku isi saka teks kasebut maneka warna banget saengga bisa narik kawigatene pamaca.

Teks WK ngemot wewarah kang jumbuh karo irah-irahane. Wewarah kang diandharake yaiku arupa kawruh ngenani bab-bab kang suwung. Bab kang suwung mau mujudake dumadine jagad gumelar, mula-bukané samubarang, mliline panguripan ing alam donya, kang digambareke lumantar pralambang. Simbol-simbol kang ana ing naskah iki ngandharake petang jinise alam, yaiku Sonya Ruri, Tirta Yoga, Kerta Yoga, lan Dwapara Yoga. Bab kang wis kaandharake bisa narik kawigaten kanggo ditiliti lumantar pamaregan filsafat. Supaya bisa di ngertení kapisan babagan filsafate pangripta anggone medharake teks ngenani aspek-aspek filsafat sajrone teks kasebut.

Panliten iki bakal nengenake perangan filsafate yaiku dumadine Jagad. Dumadine jagad mujudake proses dumadine apa wae kang ana neng njerone jagad kalebu manungsa, tetuwuhan, kewan, lan samubarang.

Jagad gumelar mujudake sawijine reriptane Gusti kang gedhe banget, neng njerone ana sekabehe panguripan. Definisi jagad gumelar uga ngemot ngenani mikrokosmos lan makrokosmos. Mikrokosmos yaiku samubarang kang nduweni ukuran kang cilik kayata *atom*, *elektron*, *sel*, *amuba*, lsp. Dene makrokosmos yaiku samubarang kang nduweni ukuran kang gedhe banget kayata lintang, planet, lan galaksi. Tembung *cosmos* dhewe saka basa Yunani kang tegese *serasi* utawa *harmonis*. Amerga alam iki dumadi sajrone *keserasian* lan *keharmonisan* adhedhasar ukum-ukum kang ana (Haris, 2012:90).

Mikrokosmos utawa jagad cilik (alit) nduweni fungsi kanggo njangkepi makrokosmos utawa jagad gedhe. Yen jagad gedhe kuwi semesta mula jagad cilik kuwi mujudake inti utawa ruhe semesta. Manjinge neng diri saben manungsa. Yen diawwas saka lair, panceñ jagad cilik mujudake bageyan saka jagad gedhe nanging satemene jagad cilik kang ngrangkum jagad gedhe. Sekabehe sipat semesta nglumpuk sajrone jagad cilik, saengga asring diarani yen jagad cilik minangka *miniatur* saka jagad gedhe. Saben ana apa wae neng jagad cilik bakal mangaribawani tumrap jagad gedhe. Semono uga sawalike, sekabehe kang dumadi neng jagad gedhe, bakal nduweni pangaribawa tumrap eksistensine jagad cilik. Ananging jagad cilik kang nduweni tanggung jawab supaya padhappadha mangaribawani antarane makrokosmos lan mikrokosmos suapaya ora mawujud dari bencana ananging dadi kabagyan. Jejibahan njaga *keseimbangane* (*harmoni*) semesta ana neng pondhake jagad cilik amerga jagad gedhe luwih asipat pasif. Saengga jagad cilik kudu tansah aktif. Jagad gedhe mujudake ragane, dene jagad cilik mujudake batine. (Soemawisastra, 2008).

Jagad cilik hakikate mujudake donya kang ora winates ing cakrawala, amerga sekabehe isine nduweni idhe, gagasan, inspirasi, kang ora ana watese. Mesthi wae yen manungsa kang ditipi ora nggawe wates-wates. Ora matesi idhe-idhe, gagasan, lan inspirasi kang tuwuhan saka jagad cilike. Kanthi ora matesi pikiran saka sekabehe watesan, mula satemene kita lagi syukur tumrap nikmati Gusti kang wis nyiptakake pikiran kita tanpa winates sithik wae. Kita malah kadhang ora sadhar nggawe watesan-watesan dhewe, saengga ndadekake males mikir. Sejatiné sekabehe ana ing diri kita dhewe, kang kudu tansah terus *dieksplorasi*, supaya bisa temen-temen kenal marang diri kita kang satemene kang mujudake jagad alit. Dhawuhe Kanjeng Nabi Muhammad SAW "Man 'arafa nafsahu, faqad 'arafa Rabbahu" kang tegese sapa wonge kang ngertení dirine, mangka temen-temen dheweke ngertení Gustine. Kanthi dhasar kasebut mula jagad cilik mujudake panggon manjinge sekabehe gagasan kang asale saka welase Gusti kang ngripta jagad raya. (Soemawisastra, 2008).

Manungsa bisa dideleng minangka mikrokosmos uga makrokosmos. Minangka mikrokosmos manungsa nduweni kuwajiban kanggo tansah rukun lan kabuka tumrap makrokosmos kayata gunung, laut, sawah, bumi lan sapanunggalane. Minangka makrokosmos manungsa

uga nduweni kuwajiban kanggo rukun lan kebuka tumrap mikrokosmos kayata kewan, watu lan sapanunggalane. Mikrokosmos ora ateges kudu manut karo makrokosmos, semono uga sawalike. Kalorone padha-padha mangaribawani supaya proses panguripan tansah lumaku, mligine tumrap kesadharan manungsa sajrone panguripan sakral utawa profan (Hadiwono, 2011:313).

Mikrokosmos lan makroksmos ora bisa dingerten i mung nganggo akal rasio. Mbutuhake kawasian liya sajrone diri kita, yaiku kesadharan. Kesadharan yaiku sawijine kawasian kanggo ngliwati macem-macem dhimensi urip neng sekabehe alam panguripan, kang akhire bisa ngerten i sekabehe neng diri pribadine, ora dingerten i lumantar akal rasio. Kanthi kaya mangkono, ngerten i makrokosmos kaya dene ngerten i intisari nilai kesadharan. Sajrone konteks kesadharan mikrokosmos-makrokosmos ora kenal subjek utawa objek. Manungsa ora disawang minangka pusat kang ngatur sekabehe neng njabane, nanging manungsa mung minangka salah siji komponen alam kang kadhang kudu pasif kanggo ngejarake sekabehe kang ana neng sakitere aktif, supaya proses panguripan dadi luwih gampang, alami, lan tansah sesambungan (Hadiwono, 2011:314).

Filsafat mujudake sawijine ilmu kanggo ngonceki samubarang saengga nemokake bebener. Laras karo panemune Endraswara (2012:2) filsafat iku ilmu ngenani tresna marang kawicaksanan. Filsafat digunakake kanggo medharake dhasare bebener, apa, sapa, kepriye, lan kanggo sapa samubarang ana. Bebener kang ditemokake bisa dadi pepelinge manungsa, apa kang sejatine digoleki utawa ditindakake. Bebener digoleki kanthi kawicaksanan Jawa jalanan kang dirembut yaiku bebrayan Jawa. Kawicaksanan digunakake kanggo nggoleki sejatine bebener. Manungsa kango nduweni sipay wicaksana utawa manungsa kango tresna kawicaksanan bakal bisa nemokake sejatine bebener. Bebener kango wis ditemokake bakal nggawe manungsa kasebut minangka manungsa kango utama tegese nggayuh kasampurnane urip. Panliten iki bakal ngonceki objek kanthi nggoleki sejatine bebener miturut pamawase pangripta kang ana ing teks kasebut.

Pamikiran Filsafat ngandhut sekabehe bab kango makro yaiku kosmologi, ontologi, epistemologi, lan aksiologi. Arifin (2000:57) ngandharake yen kango ngerten i jagad gumelar miturut pamawas filsafat, mula saorane amerga sekabehe bab kango ana neng jagad gumelar iki reriptane Gusti kang hakekate minangka abdi saka pangriptane (ontologi). Sekabehe bab kango ana neng jagad gumelar mesthi bakale tuwuhan lan ngrembaka kaya dene manungsa kango entuk kawruh lumantar proses, pengalaman sarta bimbingan lan panggulawentah saka Pangeran (epistemologi), mula saka iku sesambungan antarane alam, manungsa, lan sekabehe makhluke Pangeran kango ana neng jagad gumelar iki kudu lumaku bebarengan lan ora kena dipisahake. Manungsa minangka makhluk kango ngupaya ngrembaka sumber daya insanine kuwi kaiket dening nilai-nilai illahi (aksiologi).

Ngrembug babagan jagad sajrone filsafat ora bisa uwah karo bab kosmologi. Teges kosmologi kanthi terminologis yaiku mujudake cabang filsafat kango nyinaoni asal-usul lan struktur alam semesta (Runes, 1971:60). Kosmologi nggayutake sekabehe cabang ilmu

supaya entuk sekabehe gegambaran ngenani jagad gumelar. Kosmologi ngrembug ngenani ruwang lan wektu, wiwitane apa wae kang ana neng jagad, nyinaoni kadadeyan kosmos kango wigati, kayata mula bukane panguripan lan pangrembakan kawruh.

Sajrone andharan sadurunge, wis daiandharake yen sekabehe karya sastra mestine nduwe piguna lan menehi pangaribawa tumrap pamacane, paling ora nduweni ajaran utawa nilai-nilai kang kinandhut neng njerone. Mula saka iku aspek ajaran utawa nilai kang kinandhut sajrone teks uga bakal dijlentrehake. Nilai kang bisa dijupuk sajrone teks WK iku yaiku tansah nduweni sipay welas asih marang sasama lan ngedohi sipay angkara murka. Sesambungan karo bab mau, mula panliten iki diwenehi irah-irahan Dumadine Jagad sajrone Teks *Widya Kirana* (Tintingan Filsafat).

#### Underane Panliten

- 1) Kepriye karakteristik teks *Widya Kirana*?
- 2) Kepriye aspek filosofise teks *Widya Kirana* awujud dumadine jagad?
- 3) Kepriye nilai kang kinandhut sajrone teks *Widya Kirana*?

#### Ancase Panliten

- 1) Njlentrehake karakteristike teks.
- 2) Njlentrehake aspek filosofise teks *Widya Kirana* awujud dumadine jagad.
- 3) Njlentrehake nilai kang kinandhut sajrone teks *Widya Kirana*.

#### Paedaha Panliten

- 1) Tumrap Ilmu Filsafat lan Sastra, kanggo ngrembakake panliten sastra ing babagan filsafat, yaiku arupa analisis sejatine bebener miturut pamawase pangripta kang ana sajrone karya sastra arupa teks.
- 2) Tumrap Panliti, nambahi kawruhe panliti babagan filsafat, kang ana sajrone teks WK.
- 3) Tumrap Pamaos, nambahi kawruh marang pamaos ngenani filsafat, mligine tintingan filsafat sajrone teks WK.

#### TINTINGAN KAPUSTAKAN

##### Teks Filosofis sajrone Kasusastran Jawa Klasik

Miturut Padmosoekotjo (1955:10) kasusastran iku kagunan kango adi luhung lan edi peni kang menehi isi kaendahaning basa Jawa. Kasusastran Jawa kaperang dadi patang andharan (1) ora ngemungake kang katulis wujud buku utawa layang, uga kango kaucapake lisan, (2) ora ngemungake kang katulis nganggo sastra Jawa, uga kango katulis nganggo aksara Latin utawa Arab, (3) ora ngemungake kang kakarang dening wong Jawa tulen, uga kango karipta dening bangsa manca, (4) ora ngemungake kang kababar ana ing tanah Jawa, uga kango diwetokake ana ing manca Negara. Cekak-cukupe kabeh isi kaendahane basa Jawa ya kalebu kasusastran Jawa.

Miturut Purnomo (2011:8) sastra Jawa iku wujud *pewahyaan* manungsa Jawa. Dene wong Jawa iku nganut Sistem pambiji adhedhasar sesambungan *estetis*, antarane manungsa, alam, lan alam semesta (Purnomo, 2011:5). Mula saka iku wujud-wujud sastra iku dadi maneka warna. Purnomo (2011:11) ngandharake minangka *pewahyaan*

utawa *realisasi eksistensi* manungsa Jawa, perkara ana bobote apa ora, becik apa ora, *kreatif* utawa ora, gumantung saka pangriptane.

Sastra Jawa miturut Purnomo (2012:20) ngandharake sastra Jawa kaperang adhedhasar jamane sarta sistem puitike. Yaiku sastra Jawa kuna, sastra Jawa Madya utawa tengahan lan sastra Jawa Anyar. Suwarni lan Widayati (2016:2) ngandharake yen adhedhasar pusat pangrembakan sastra Jawa Anyar digolongake dadi sastra Jawa Pesisiran lan Klasik. Sastra Jawa Klasik didhominasi sastra kraton (sastra pedalaman).

Teks bisa ditegesi minangka kang kinandhut utawa kang kaemot sajrone naskah. Yen naskah mujudake bentuk konkret sawijine tulisan, mula teks yaiku sawijine kang abstrak lan mung bisa diangen-angen wae (Baried dkk., 1994:57). Teks dhewe kasusun saka rong unsur yaiku isi lan wujud. Sajrone isi, ngemot idhe-idhe utawa amanat kang arep diandharake dening pangripta marang pamaca. Dene wujud, yaiku crita sajrone teks kang bisa diwaca lan disinaoni miturut saben-saben pamaregan lumantar alur, watek, gaya basa lan sapanunggalane. Teks kang isine ngandhut aspek-aspek filsafat diarani teks filosofis.

Neng dhasare urip kudu seimbang. Mula saka iku tuwuhan konsep opsi biner. Dualisme yaiku bab kang beda lan kosok balen. Bab iki mujudake hakikat. Sawijine pepesthen saka Gusti supaya urip bisa lumaku kanthi harmonis. Konsep *keseimbangan* ora mung neng Cina kanthi Yin Yang-e, sajrone teks Jawa klasik uga ana konsep *keseimbangan*, ana apik lan ala kayata digambarake Pandhawa lan Kurawa. Poerbatjaraka (1964:67) ngandharake sajrone yen Korawa digawe males ukum marang pandhawa, Begawan Abiyasa diaturi kanggo nguripake Korawa maneh. Sajrone bab Korawasrama kasebut, Korawa bisa urip maneh amerga neng hakikate apik ora ana gunane tanpa anane ala kang ngiteri. Apik ala lan bab kang kosok balen liyane kayata rina wengi, mati urip lan sapanunggalane diarani loroloroning atunggil. Kaya mangkono gegambaran sajrone teks Jawa klasik mligine kang ngandhut aspek filosofis.

Aspek filosofis mujudake samubarang kang gegayutan karo tresna marang kawicaksanan. Aspek filosofis nuduhake yen sawijining ngandhut aspek utawa sipay filsafat. Filsafat yaiku sawijining upaya utawa asil saka pawongan tartamtu anggone nggoleki hakikat sekabehe wujud kang asipat dhasar (Ciptoprawiro, 1986:11). Kanthi mangkono filsafat sajrone urip ditegesi kanggo pangejawanthah, manungsa lan tujuwan akire, gegayutan kang katon lan gaib, kang sawetara lan abadi, papan manungsa ana ing jagad uga ateges asiling urip. Ngonceki sejatine urip ana alam ndonya kanthi pamikiran kang paling mligi utawa dhasar. Pamawas iki disengkuyung dening pamawase Purwadi lan Dwiyanto (2009:2), Miturut Purwadi lan Dwiyanto (2009:2) berfilsafat yaiku mikir ngenani samubarang kanthi sistematis lan radikal. Perangan iki ditindakake kanthi ajeg (*continu*). Miturut Endraswara (2013:2) filsafat yaiku ilmu ngenani tresna kawicaksanan lan bebener. Filsafat minangka ilmu kearifan kang ngrembug samubarang sajrone panguripan. Samubarang kang ana ing panguripane manungsa salah sijine yaiku sastra utawa tulisan kang dadi sarana piwulang.

Sastra Jawa klasik ana neng periodisasi sastra Jawa Anyar kang tuwuhan neng satengahe abad XVI lan didhominasi dening sastra kraton (sastra pedalaman), sastra Jawa klasik uga nuduhake pangaribawane Islam. Miturut Suwarni (2016:17) sastra Jawa klasik kaperang dadi telung klompok yaiku (1) karya-karya kang sinebut sastra bangunan, tegese karya kasebut ditulis maneh nggunakake basa Jawa anyar kang nduweni tujuwan supaya gampang dipahami masyarakat awam, (2) karya sastra Jawa asil saduran saka sastra Persia yaiku karya sastra kang antuk pangaribawane Islam, (3) karya sastra asil kreasi utawa ciptaan para pujangga ing jaman Pajang nganti Mataram, mligine kraton Surakarta, salah sijine yaiku teks WK reriaptane Mpu Yogiswara.

Julukan Mpu neng Mpu Yogiswara sejatine kurang trep dadi panulis sajrone sastra Jawa Anyar amerga wis didhominasi dening agama Islam, kang luwih trep yaiku Kyai, bab kasebut jumbuh karo apa kang diandharake dening Suryadi (1995:2) nalika jaman Jawa-Budha lan Jawa-Hindu, pujangga kraton entuk julukan Empu. Tapi neng Jawa-Islam, pujangga kraton entuk julukan Kyai. Julukan Empu kayata Empu Sedah, Empu Tantular, Empu Tanakung lan Empu Prapanca. Julukan Kyai yaiku Kyai Yasadipura lan Kyai Ranggawarsita. Julukan-julukan Empu lan Kyai nyimpfen konvensi kang aktual lan lumaku neng jamane dhewe-dhewe.

Adhedhasar katrangan ing ndhuwur bisa dingertené yen teks filosofis yaiku karya sastra lama mligine sastra Jawa Klasik utawa Kratonan kang wis diterbitake lan ngandhut ilmu utawa pamaregan kang ngandhut sejatine bebener. Teks kang ngandhut unsur filosofis salah sijine yaiku teks WK anggitane Mpu Yogiswara. Teks kasebut ngandhut aspek filosofis awujud dumadine jagad.

### Sastrajrone Perspektif Filosofis

Adhedhasar pamawase para ahli filsafat, bisa ditegesi yen filsafat yaiku ilmu kanggo nggoleki lan ngonceki sejatine bebener kanthi wicaksana. Dene filsafat nduweni aspek-aspek utawa perangane ilmu kang diwedharake, aspek-aspek kasebut yaiku ontologi, epistemologi, lan aksiologi. Ontologi sesambungan karo pitakonan tumrap “apa”, apa tekse Mpu Yogiswara kang dadi objek panlitén. Pitakonan “apa” ing kene tegese tekse Mpu Yogiswara iku awujud teks filsafis. Epistemologi sesambungan karo pitakonan tumrap “piye”, piye wujud lan gegambarane teks WK iki. Pitakonan “piye” ing kene mujudake teks Mpu Yogiswara ditulis kanthi nengenake ngenani dumadine jagad. Semono uga ontologi sesambungan karo pitakonan tumrap “kanggo apa”, kanggo apa teks WK kang ngandhut aspek filosofis iki. Pitakonan “kanggo apa” nuduhake yen teks kang ngandhut aspek filosofis iki migunani kanggo panggulawenthah.

Dumadine jagad sajrone teks WK bisa katiti pirsa lumantar cak-cakan telung prekara, yaiku ontologis, epistemologis, lan aksiologis. Andharan bab cak-cakan mau cethane ana ing jlentrehan sabanjure.

#### 1) Ontologi

Ontologi mujudake bageyan saka filsafat kang paling umum. Ontologi mujudake metafisika umum, kang ngrembug ngenani anane sekabehe kang ana. Kattsoff (sajrone Wibawa, 2013:30) ngandharake yen ontologi saka basa Yunani kang tegese kang ana lan sepisan maneh.

Ontologi ngrembug asas-asas rasional saka kang ana. Ontologi ngupaya kanggo ngerten iku esensi kang paling jeru saka kang ana. Apa kanyatan kasebut ngandhut ancas utawa asipat mekanis, iki mujudake pitakon ontologi.

Ontologi mujudake salah sijine aspek kanggo ngenceki sejatine bebener. Miturut Endraswara (2013:93) ontologi yaiku perangane ilmu filsafat ngenani samubarang kang ana. Ontologi luwih nengenake pitakonan ‘apa’ tumrap objek kang dirembug yaiku ngenani jagad. Pamawas iki uga disengkuyung pamawase Purwadi lan Dwiyanto (2009:5) ontologi yaiku cabang ilmu filsafat ngenani anane samubarang, kang ngliputi sifat dhasar lan kasunyatan sejatine lelakon. Miturut pamawas ing ndhuwur bisa didudut tegese ontologi yaiku ilmu filsafat ngenani apa kang ana, kanggo nggoleki sejatine bebener. Ontologi mujudake rerembagan kang nyawiji karo aspek epistemologi.

## 2) Epistemologi

Epistemologi mujudake bageyan utawa cabang filsafat. Salah siji cabang filsafat ngenani kawruh, yaiku logika kang ngemot logika formal kang nyinaoni asas-asas utawa hukum-hukume mikir, kang kudu dianut supaya bisa mikir kanthi bener lan nggayuh bebener sarta logika material utawa kritika (*epistemology*) kang mawas isine kawruh, kepriye isi iki bisa ditanggungjawabake, nyinaoni sumber-sumber lan asale ilmu kawruh, piranti-piranti kawruh, proses dumadine kawruh, *kemungkinan-kemungkinan* lan wewatesane kawruh, bebener lan kleru, metodhe ilmu kawruh, lan sapanunggalane (Wibawa, 2013:42).

Epistemologi minangka aspek filsafat kaping loro. Miturut Endraswara (2013:117) epistemologi yaiku ilmu filsafat ngenani kepriye tuwuhe tembung kasebut. Sesambungan karo tata cara nggoleki bebener. Pamawas kasebut uga disengkuyung karo pamawase Ciptoprawiro, Purwadi lan Dwiyanto. Miturut Purwadi lan Dwiyanto (2009:6) epistemologi ditegesi minangka cabang filsafat kanggo nyinaoni asal-usul utawa sumber. Epistemologi mujudake sarana, sumber, lan tata cara nggunakake sarana kasebut kanggo ngentukake kawruh ilmiah. Miturut Ciptoprawiro (1986:24) epistemologi nyinaoni babagan proses kanggo ngentukake sawijine kawruh. Manut pamawase para filsuf bisa dijupuk dudutan yen epistemologi mujudake cabang ilmu filsafat ngenani asal-usul lan sumber kanggo ngentukake sawijine bebener arupa kawruh. Epistemologi mujudake rerembagan kang nyawiji karo aspek aksiologi.

## 3) Aksiologi

Aksiologi yaiku hakikat nilai, kang umume ditinjau saka sudhut filsafat. Wiramiharja (sajrone Wibawa, 2013:46) ngandharake aksiologi nduweni sesambungan karo *axia* kang ateges nilai utawa nduweni rega. Aksiologi bisa ditegesi minangka wacana filosofis kang ngrembug ngenani nilai lan penilean. Aksiologi digunakake mligine minangka teori umum ngenani nilai.

Aksiologi minangka aspek filsafat kang kaping telu utawa pungkasan. Miturut Endraswara (2013:117) aksiologi yaiku ilmu kang njlentrehake fungsi utawa pigunane samubarang tumrap panguripane manungsa. Sastra kang apik kudu nduweni guna tumrap pangripta lan pamaos. Pamawas kasebut disengkuyung dening Purwadi lan Dwiyanto (2009:6) aksiologi minangka ilmu kang

nduweni paedah kanggo sarana ningkatake taraf uripe manungsa kanthi ngawigatekake kodrat manungsa, martabat manungsa, lan pangrembakane alam. Saka pamawase para ahli ngenani aksiologi bisa dijupuk dudutan yen aksiologi mujudake ilmu filsafat kang ngandharake fungsi sastra tumrap panguripane manungsa ngliputi kodrat lan martabat manungsa.

## Kosmologi sajrone Teks Filosofis

Kosmologi utawa kang asring diarani *filsafat alam semesta* kanthi etimologis kasusun saka tembung basa Yunani yaiku *kosmos* kang ateges *susunan* utawa *keteraturan* lan *logos* kang ateges *telaah* utawa *studi* (Siswanto, 2005:1). Miturut Kattsoff (2004:75) kosmologi ditegesi minangka azas-azas rasional. Dene kanthi terminologis yaiku cabang filsafat kang nyinaoni asal-usul lan struktur alam semesta (Runes, 1971:60). Istilah kosmologi nduweni rong teges, yaiku: kapisan, panyelidhikan filsafat ngenani istilah-istilah pokok kang kinandhut sajrone fisika, ruwang, wektu, lsp. Kaloro, pangira-ira kang kinandhut sajrone fisika minangka ilmu ngenani jagad raya. Lan kanggo mbedakake karo ontologi, bidhang iki diarani uga kanthi *filsafat fisika* utawa *filsafat ilmu-ilmu alam* (Kattsoff, 2004:231-232).

Saka andharan ing ndhuwur bisa dijupuk dudutan yen istilah kosmologi kanthi umum nduweni teges yaiku: kapisan, ilmu ngenani alam semesta minangka sistem kang rasional lan teratur. Kaloro, mujudake cabang ilmu, mligine bab astronomi kang ngupaya nggawe hipotesis ngenani asal, struktur, ciri khas, lan pangrembakan alam fisik adhedhasar pengamatan lan metodhologi ilmiah. Katelu, ilmu kang mawas yen alam semesta minangka sekabehe kang integral; lan bageyan saka alam semesta iku adhedhasar pengamatan astronomi, mujudake sawijine bageyan saka sekabehe iku. Kapapat, kanthi tradhisional kosmologi didadekake minangka cabang metafisika kang nelaah ngenani asal lan susunan alam semesta, pangriptan lan sifat abadine, vitalisme lan mekanisme, kodrat ukum, ruwang, wektu, lan kausalitas. Analisis kosmologi nyoba golek apa kang isih kanggo tumrap ndonya iki, lan ontologi ngupaya golek relasi-relasi lan diferensiasi-diferensiasi kang menawa isih kanggo neng ndonya (Milah, 2011).

Dhisiplin ilmu kosmologi wis ngrembaka kanthi pesat, kairing lumakune sejarah kayata cabang ilmu liyane. Awale saka tradhisi pamikiran-pamikiran Yunani kuno, diplopori dening filsuf-filsuf alam, nganti seprene, wis tuwuhan macem-macem corak pamikiran kosmologi kang macem-macem trep karo orientasi lan perspektife.

Ing Jawa dhewe, kosmologi mujudake wawasané wong Jawa tumrap alam semesta. Miturut kosmologi Jawa, alam kosmos iki diwatesi dening keblat papat lima pancer, yaiku papat arah mata angin (kulon, wetan, lor, lan kidul) ditambah pusat utawa pancer. Arah kiblat iki uga nduweni sesambungan karo lakon uripe manungsa kang mesthi dikancani karo kadang papat lima pancer, yaiku kawah, getih, puser, lan ari-ari. Dene pancer yaiku ego utawa manungsané dhewe (Endraswara, 2006:12).

Kosmologi Jawa uga nggamarake anasir uripe manungsa yaiku angin, banyu, lemah, lan geni. Anasir iki bakal mbentuk struktur nafsu kang ngrepresentasikake dhorongan sajrone diri manungsa kanggo ngebaki kabutuhan badaniah lan rohaniah. Lumantar personifikasi

watak paraga sajrone jagad pewayangan, kosmologi Jawa tuwuhan sajrone bentuk petang jenis napsu yaiku amarah, aluanah, sufiyah, lan muthmainah (Endraswara, 2006: 13).

## METODHE PANLITEN Rancangan Panliten

Ancangan panliten iki gegayutan karo sipat dhata kang arep didadekake objek panliten. Metodhe kang dienggo sajrone panliten yaiku nganggo metodhe kualitatif kang asipat deskriptif. Panliten kualitatif yaiku panliten kang bakal njelentrehake utawa nggamarake asil analisis adhedhasar dhata non-angka. Miturut Semi sajrone Endraswara (2008:5) panliten kualitatif ditindakake kanthi ora ngutamakake angka-angka, nanging nggunakake jerune pamikiran tumrap interaksi antarane konsep kang lagi dikaji kanthi empiris. Wujud panliten kualitatif bisa menehi rerincen kang kompleks ngenani kadadeyan kang angel kanggo dijelentrehake dening panliten kuantitatif. Metodhe kang digunakake yaiku deskriptif analitik kang dilakoni kanthi cara ngandharake fakta-fakta banjur kasusul analisis (Ratna, 2013:53). Metodhe iki digunakake kanggo nggamarake kanthi cara sistematis dhata-dhata faktual lan akurat ngenani fakta-fakta sastra kang ana gayutane antarane fenomena kang ana sajrone objek.

Miturut Koentjaraningrat (1985:125) tujuwan saka panliten deskriptif yaiku kanggo nggawe dheskripsi, gambaran utawa ulasan kang urut utawa sistematis, nyata lan bisa dadi tanggung jawab ing kasunyatan, sipat-sipat, panemu demografi, kedadeyan, kondhisi lan prosedure.

### Dhata lan Sumber Dhata

Dhata sajrone panliten iki arupa tembung, ukara, lan wacana. Dhata-dhata kang kajupuk ana gegayutane karo bab dumadine jagad kang dadi underane panliten iki. Dhata-dhata kasebut minangka crita kang ditemokake miturut underane panliten yaiku dumadine jagad lan aspek filosofise.

Sasaran panliten iki yaiku ngenani aspek filosofis sajrone proses dumadine jagad kang kinandhut sajrone *Teks Widya Kirana* kang ngandharake aspek filsafat proses dumadine jagad kang ana sajrone teks kasebut. Sumber dhata kang digunakake ing panliten iki yaiku *Teks Widya Kirana* kang diterbitake dening Boekh. Tan Khen Swie, ing kaca kaping siji ing babagan transkrip nyebutake Mpu Yogiswara minangka panulise kang arupa gancaran kang ditulis kanthi aksara Jawa lan basa kang digunakake basa ngoko lan krama.

### Tata Carane Nglumpukake Dhata

Tata cara kanggo nglumpukake dhata kang digunakake yaiku kanthi cara teknik maca lan nyathet. Teknik maca lan nyathet iki minangka teknik kang digunakake supaya panliti oleh dhata lumantar cara maca teks kang dadi sumbere panliten. Endraswara (2008:162-163) ngandharake yen ta merang tata cara kanggo ngumpulake dhata panliten iku ana telu, yaiku:

#### (1) Nemtokake Dhata

Dhata kang wis dikumpulake banjur diperang dadi loro yaiku dhata primer lan dhata sekunder utawa panyengkuyung. Dhata primer iki arupa *Teks Widya Kirana* lan dhata sekunder yaiku arupa dhata-dhata kang ana gayutane karo dumadine jagad lan selaras karo underan panliten yaiku dumadine jagad lan aspek

filosofise.

#### (2) Nyathet Dhata

Sawise nemtokake dhata bajur nyathet dhata kanthi cara 1) latihan kanthi pener supaya bisa nyathet kanthi teliti, 2) nyathet bab-bab kang nuduhake pesen lan makna simbolik, 3) nyathet tembung-tembung kang ora dingerten.

#### (3) Weneh Tandha ing Dhata

Sajrone weneh tandha ing dhata iki nduweni tujuwan yaiku kanggo mbedakake dhata kang kalebu aspek dumadine jagad lan aspek filosofise. Tandha ing dhata iki supaya nggampangake panliti anggone nglakoni panliten. Tandha-tandha kang digunakake yaiku:

- a. Tandha werna abang yaiku kanggo nengeri tembung-tembung kang durung dingerten.
- b. Tandha werna biru yaiku kanggo nengeri ukara kang ngandhut dumadine jagad.
- c. Tandha werna ijo yaiku kanggo nengeri ukara kang ngandhut tipe aspek filosofis dumadine jagad.

### Tata Carane Ngolah Dhata

Tata cara ngolah dhata panliten minangka gambaran ngenani sekabehe trap-trapan kang bakal ditindakake panliten sajrone panliten. Trap-trapan panliten ing panliten iki nggunakake cara kang dianggep selaras klawan sipate panliten. Kanthi cara nggatake objek panliten kang arupa teks, mula trap-trapan panliten iki yaiku:

#### 1) Ngandharake Dheskripsi lan Isi Teks

Dheskripsi teks kang bakal diandharake ing panliten iki yaiku irah-irahan teks, nomer teks (yen ana), panulise lan wektu panulisan, ukuran, cacahe kaca, cacahe lariik saben sakaca, basane lan liya-liyane kang ana sajrone teks kasebut.

#### 2) Transliterasi Teks

Tujuwane nindakake transliterasi teks yaiku supaya bisa diwaca lan dingerten, uga kanggo mindhah lan ngganti aksara-aksara lawas dadi aksara kang bisa diwaca kabeh pawongan lan uga supaya bisa dingerten tumrap sapa wae. Transliterasi yaiku ngganti jinise tulisan, aksara baka aksara, saka abjad siji lan abjad liyane. Tujuwane yaiku kanggo nepangake teks-teks kang kesimpenn sajrone naskah utawa teks kang wis ora dikenal lan dingerten dening masyarakat modern (Purnomo, 2013:42)

#### 3) Ngolah Dhata lan Napsirake

Nolah lan napsirake aspek dumadine jagad lan filosofise sajrone *Teks Widya Kirana* iki bakal ditintingi banjur diandharake. Sajrone nintingi *Teks Widya Kirana* nggunakake teknik merang-merang (*axial coding*). Aspek dumadine jagad lan filosofise sajrone teks diwenehi kode lan lan didheskripsikake banjur dianalisis.

### ANDHARAN ASILE PANLITEN

#### Karakteristik Teks WK

Karakteristik nduweni tujuwan kanggo ngandharake irah-irahan, ukuran, kahanan, panulisan lan wektu panulisan, basa kang digunakake, wujude lan isine Teks WK.

Sajrone Teks WK utawa *Darma Sonya* iki bageyan kang nuduhake irah-irahane yaiku ditemokake ing samak/sampule, ing bageyan ngarep utawa manggala uga ditemokake ing bageyan isine nanging ora ditemokake ing bageyan mburi utawa kolofon. Dadi kanggo meruhi irah-

irahan iki kudu digoleki neng samake, manggalane utawa neng isine. Kaya pethikan iki kang dianggep minangka irah-irahan:

*Serat Widya Kirana Inggi Serat Darmasunya  
Anggitanipun Empu Yogiswara  
(Samak ngarep)*

Tembung *Widya Kirana lan Darmasunya* ing kene dianggep irah-irahan saka serat kasebut. Ora mung pethikan ing dhuwur, ana pethikan liyane maneh kang bisa nguwatake yen teks iki nduweni irah-irahan *Widya Kirana* utawa *Darmasunya*.

Saben serat utawa teks mesthi nduweni panggonan asal. Teks WK kang dadi objek panliten iki disimpen ing Museum Taman Siswa Yogyakarta. Teks WK wis digitalisasi utawa didadekake file pdf saengga bisa awet lan bisa dicetak maneh.

Teks WK diterbitake dening Boekhandel Tan Khon Swie lan disimpen ing Museum Taman Siswa Yogyakarta. Panulis Teks WK iki yaiku Mpu Yogiswara kang manggon ing samak ngarep teks kasebut kang nyebutake yen Mpu Yogiswara minangka panulise. Ana ing kaca 1, katrangan bab panulisan teks yaiku taun 1853. Cithakan wiwit diterbitake taun 1922 lan kaloro taun 1937.

Ukurane teks WK yaiku dawane 29 cm, ambane 21 cm, kandele 2 cm, kasusun saka 83 kaca lan saben kacane ana 22 larik. kahanan tulisane isih apik lan bisa diwaca kanthi cetha. Wujud tulisane apik, ukuran aksane gedhe-gedhe saengga cetha lan gampang diwaca, kahanane serat uga resik. Neng samak ngarep Teks WK iki ana stempel saka museum Taman Siswa Yogyakarta lan uga ana tulisan tangan nomer serine yaiku 089. Kaca sabanjure yaiku ngenani katrangan isine Teks WK kang nggunakake aksara Jawa.

Teks WK awujud gancaran. Cacahe gancaran kaperang dadi wolulas bab Aksara kang digunakake sajrone Teks WK yaiku nggunakake aksara Jawa kang wis diterbitake dening Boekhandel Tan Khon Swie. Tulisan Teks Widya Kirana iki kagolong cetha lan gampang banget, aksara kang digunakake meh padha minangka karakteristik tulisan. Kayata aksara Jawa (dhentawayanjana), pasangan aksara Jawa, aksara murda, sandhangan sigeg, sandhangan swara, sandhangan panjing, angka, tandha wacan lan mangajapa.

Sajrone Teks uga kadhang ditemokake penganggone ragam basa kang luwih saka siji. Teks WK iki ngandhut saperangan ragam basa Jawa, kaya ragam krama lan ragam ngoko. Saliyane basa Jawa, saperangan bageyané uga nggunakake tembung-tembung basa kawi, basa Arab, lan basa Walanda.

Ragam krama digunakake neng pembukane bab-bab sajrone Teks WK iki. Sajrone Teks WK nggunakake ukara-ukara krama. Tuladhane kaya pehikan ing ngisor iki.

*Dene Serat Widya Kirana wau, sampun asring kawedalaken, kacithak sarta ugi kawastanan Serat Darmasunya. Ananging salugunipun ingkang kapethik wonten Serat Widya Kirana wau, namung bab purwaning dumados kemawon. Dene sajatosipun Serat Darmasunya punika ageng sanget awit isi kawruh warni-warni, kawruh jaman samanten (jaman kadewatan) saha ingkang*

*sampun kawedalaken wau dereng wonten ingkang jangkep, wonten ingkang saweg dumugi 8 bab, wonten ingkang 16 bab, punapadene tembungipun salong wonten ingkang lepat, kados ta: ingkang mungel: sastradarwa, punika leresipun: sastradarya. Mongka tegesipun tebih sanget susatipun. Darwa, tegesipun gadhah, darya, tegesipun manah utawi budi, sastra, tegesipun aksara utawi tulis*

### **(Kaca 3)**

Pethikan mau nuduhake anane ragam krama ana neng bageyan pembukane serat, kang isine yaiku apa wae ngenani teks WK kasebut. Bageyan kang ngarep dhewe kasebut nggunakake basa krama ancuse yaiku ngajeni pamaca saengga bisa narik kawigatene pamaca kasebut supaya mbacutake anggonge maca nganti isi-isine.

Sajrone Teks WK iki uga nggunakake basa ngoko. Kaya pethikan ing ngisor iki.

*Mungguh gumelaring jagad kang sapisan iku diarani sonyaruri, wredine suwung utawi sepi, mulane mangkono marga titahing Pangeran durung padha dumadi, kang lagi dumadi dhingin amung surya, condra, kartika, swasana, swasana iya iku amun-amun. Amun-amun iku minongka kekandhangane: surya, condra, kartika, iku mau ing jero padha kaebekan dening amun-amun, patang prakara iku langgeng anane, tur ora kena owah gingsir ing salawas-lawase. Apadene jejeg ajeg ing wujude, iya iku kodrating Pangeran kang dhingin dhewe, kaanane papat iku padha kasinungan wahyuning wahyu panguripan, ing tembe bakal kawasa anartani panguripan kita iki kabeh.*

### **(Bab 1, Kaca 5)**

Pethikan mau nuduhake yen sajrone Teks WK uga nggunakake tembung-tembung ngoko. Kaya sajrone Bab 1 kang nggunakake tembung-tembung ngoko, kayata: padha, lagi, ora, iya, kono, utawa, banyu, karo, tanpa. Tembung-tembung ing dhuwur nuduhake yen ing serat iki nggunakake tembung-tembung ngoko kang digunakake padinan. Tembung-tembung mau mesthine wis dipahami dening pamaca. Tuladhane kayata tembung banyu kuwi wis dingertení amarga asring digunakake nalika cecaturan. Semana uga tembung-tembung liyane kang diandharake mau. Basa ngoko ora mung neng bab 1 nanging uga ana ing bab-bab liyane.

Saliyane ragam krama lan basa ngoko sajrone Teks WK saperangan uga nggunakake tembung-tembung basa kawi. Akeh banget tembung-tembung kawi kang ana sajrone Teks WK. Mula ing ngisor iki bakal dijilentrehake apa wae tuladha tembung-tembung kawi kang ana ing Teks WK. Tembung kawi kang digunakake, kaya ing pethikan iki.

*Bareng wus mangkono, pramana tumuli tuwuuh pangwasane kang limang prakara, kang dhingin kawasa andulu tanpa netra, kapindho kawasa anggonda kang tan kalawan grana, kang kaping telu kawasa awacana kang tanpa pangandika, kang kaping pat kawasa amiyarsa kang **datan** kalawan karna, kang kaping lima kawasa amirasa kang **datan** tanpa sarana, lire mangkono. Ing nalika alam iku, durung ana carane, mangan lan turu, apadene suka lan prihatin, kang sarta lara lawan kopenak.*

**(Bab 2, kaca 13)**

Ing nalika iku tirta kamandhanu *sirna* adhem sarta srengenge ilang panase, saksirnaning adhem lan pepanas temahan padha sumaring, sarining adhem lan panas mau tumuli kumpul ngumandhang ana ing swasana.

**(Bab 1, kaca 8)**

sucining getih kawasa madhangi panon, padhanging panon kawasa mahanani sagung kaalusuning wujud, kang wus padha cumithak ana ing kono, iya iku kang padha katingalan ana alaming pangimpen, mangkono mulane supena, **mungguh** purwane ana supena saka nendra, kang dadi sabab bisa anendra iku mangkene.

**(Bab 11, kaca 51)**

Pethikan ing ndhuwur bisa dingerten yen ing bab 1, 2, lan 11 saperangan nggunakake tembung basa Kawi, kayata: datan tegese ora, sirna tegese ilang, lan mungguh tegese manggon. Panganggone basa Kawi kasebut nduweni ancas kango nambahi kaendahan. Kaendahan kang ana sajrone Teks WK iki awujud gancaran-gancaran mau. Pangriota nggunakake basa kawi uga kango nuduhake yen ragam basa sajrone serat ora mung basa krama, basa ngoko lan sapanunggalane nanging uga ana basa kawi.

Sajrone Teks WK ana saperangan bab kang nggunakake tembung-tembung Arab. Mula ing ngisor iki bakal dijentrehake apa wae tuladha tembung-tembung Arab kang ana ing Teks WK. Tembung Arab kang digunakake, kaya ing pethikan iki.

*Trimurti iku tetep bangsaning aluhur, pratandhane dene sarira cahya, gesange tanpa sukma, utawa tanpa raga, trimurti iku binasakake uripe ora ana kang nguripi, yen ing tembung Arab diarani **nur cahya**, yen para budi ing tanah Eropah padha angarani: sil.*

**(Bab 2 kaca 11)**

*sakehing wiji iku diarani apawara, yen ing tembung Arab diarani **rohkani**, manawa tembung Walonda isih diarani: sil, para apsara iku ing tembe bakal dadi wiji budi dhewe-dhewe.*

**(Bab 2 kaca 14)**

*Werdining wiji mau telung prakara, kang dhingin putih, wiji putih iku asal saking tirta kamandhanu, arane pramana, werdine sukci utawa padhang, ing tembung Arab diarani **rahmani**, ing tembung Walonda diarani: sil.*

*Loro rupane abang, wiji kang abang iku angsal saka srengenge, arane mulat, tegese murup utawa terang, ing tembung Arab diarani **roh ilapi**, ing tembung Walonda diarani: sil.*

*Telu rupane ireng, wiji kang ireng iku angsal saka maruta, arane murti, werdine alus, yen ing tembung Arab diarani **roh rabani**, tembung Walonda isih diarani sil.*

**(Bab 3 kaca 15)**

Pethikan mau nuduhake anane tembung-tembung Arab sajrone teks WK bisa kabukten saka tembung *nur* kang tegese cahya, tembung *rohkani* utawa *roh rokhani* kang tegese bangsane roh, tembung *rahmani* utawa *roh rahmani* kang tegese roh kang nduweni sipat welas, *roh*

*ilapi* kang tegese roh utamane manungsa, lan *roh rabbani* kang tegese roh kang tentrem lan ora ngrasakake apa-apa.

Saliyane tembung-tembung basa Arab, ana maneh tembung-tembung saka negara manca liyane yaiku tembung-tembung basa Walanda utawa istilah-istilah saka negara Walanda kana. Anane tembung-tembung basa Walanda mau isih durung ngerti apa kang njalari, nanging nalika teks WK iki ditulis, nuswantara isih dijajah dening bangsa Walanda. Anane tembung-tembung basa Walanda mau bisa dideleng saka pethilan ing ngisor iki.

*sakehing wiji iku diarani apawara, yen ing tembung Arab diarani rohkani, manawa tembung Walonda isih diarani: sil, para apsara iku ing tembe bakal dadi wiji budi dhewe-dhewe.*

**(Bab 2 kaca 14)**

Pethikan mau nuduhake yen sajrone teks WK ana tembung-tembung basa Walanda yaiku tembung *sil* utawa *ziel* kang tegese jiwa utawa roh. Mbokmenawa tembung *ziel* anggone maca yaiku *sil* ndadekake pangripta anggone nyerat ing teks yaiku nganggo tembung *sil*.

Ing Teks WK cacache gancaran kaperang dadi wolutas bab yaiku (1) bebukaning bawana, (2) kasidan jati, (3) wewijanganing wijil, (4) kodrating cecamboran, (5) babaring kawontenan, (6) dumadining manungsa, (7) wijanging wiji kang dumadi, (8) tarbukaning wiji, (9) wimbuhing pangraos, (10) miraos uparkatinining raga, (11) upakartining otot, (12) kawontenaning pramana, (13) bedabedaning raos, (14) wewahan paedahing badan, (15) gumelaring siti, (16) sarining cecamboran, (17) upakartining sesakit, lan (18) upakartining pejah.

**Aspek Filosofis sajrone Proses Dumadine Jagad**

Aspek filosofis sajrone teks *Widya Kirana* utawa kacekak WK iki yaiku arupa dumadine jagad. Bab-bab sajrone teks WK iki nyurasa filosofis banget. Teks WK iki ngandhut bab ngenani dumadine jagad kang dumunung aneng filsafat. Dumadine jagad kang ana sajrone tek WK iki awujud mulabukane jagad lan samubarang. Dumadine jagad kasebut kabukti saka ditemokake saka sekabehane bab yaiku ana 18 bab kang ngandhut dumadine jagad lan mulabukane samubarang.

Manut pamawase para ahli, filsafat ditegesi minangka ilmu lan pamaregan kanggo nggoleki lan ngonceki sejatine bebener. Salah siji kang bakal dianalisis yaiku ngenani dumadine jagad. Dumadine jagad bakal dianalisis kanthi nggunakake cak-cakan telung aspek yaiku ontologi, epistemologi, lan aksiologi. Ontologi sesambungan karo pitakonan “apa”, apa teks WK kang dadi obyek panliten. Pitakonan “apa” ing kene tegese teks WK kuwi awujud teks filosofis. Epistemologi sesambungan karo pitakonan “piye”, piye wujud lan gegambarane teks WK iki. Pitakonan “piye” ing kene mujudake teks kang ditulis kanthi ukara-ukara kang nuduhake proses dumadine jagad. Semono uga aksiologi sesambungan karo pitakonan “kanggo apa”, kanggo apa teks WK kang ngandhut aspek filosofis iki. Pitakonan “kango apa” nuduhake yen teks WK iki nduweni nilai lan piguna kanggo panggulawenthah.

Dumadine jagad yaiku proses dumadine apa wae kang ana neng jagad iki kayata planet, banyu, angin, geni, sekabehane makhluk lsp. Bab iki ditemokake sajrone teks WK kang cacache ana 18 bab utawa kabeh isine. Dumadine jagad kang ditemokake sajrone teks WK iki yaiku

dumadine rembulan, lintang, srengenge, swasana, tirta, rina wengi, segara, maruta, ebun, trimurti, tripurusa, wiji, bumi, asil tambang, thethukulan, kewan, apsara-apsari, lan manungsa.

### Dumadine Candra/Rembulan

Dumadine rembulan kedaden sajrone alam sonyaruri kang tegese suwung utawa sepi amerga sekabehe titahe Pangeran durung padha dumadi. Kang dumadi isih rembulan, lintang, srengenge, lan swasana. Petang perkara iku bakal langgeng anane, ora owah gingsir salawas-lawase, ajeg wujude, kodrate Pangeran kang kawitan dhwewe, lan kaanane padha diwenehi wahyu dening Pangeran kang ing tembe bakal bisa menehi pangaribawa tumrap sekabehe panguripan. Rembulan yaiku planit kang ngubengi bumi (Poerwadarminta, 1939:1630). Rembulan mujudake kang paling dhisik dhewe saka perkara papat mau, ngenani wujud utawa gedhe cilike lan panguwasane bisa disawang saka pethilan ing ngisor iki.

- 1. rembulan, wujude sumunu, asemu kuning maya-maya, kuwasane ing tembe bakal kawawa mahanani, martaneringrat ngraya iki kabeh.*

#### (Bab 1 kaca 6)

Rembulan nduweni wujud kang sumorot semu-semu kuning, bakal nyumunari lan menehi panglipur tumrap alam iki kabeh. Kang dimaksud aweh panglipur marang alam kabeh yaiku kanthi kaendahane rembulan kasebut. Rembulan iku mujudake cahya paningale mripat amerga *merrefleksikan* cahyane srengenge lan menehi sinar nalika wengi. Rembulam mujudake kang paling dhisik sajrone alam sonyaruri. Sawise rembulan yaiku kartika utawa lintang-lintang.

### Dumadine Lintang

Lintang utawa kartika yaiku kang maujud ing langit katon pating kerlip (Poerwadarminto, 1939:824). Lintang mujudake kang kaping pindho sawise rembulan sajrone alam sonyaruri. Ngenani wujud lan kuwasane bisa dideleng saka pethilan ing ngisor iki.

- 2. lintang-lintang, iku gedhene luwih saka rembulan, apadene ngumandhang ana sadhuwuring rembulan, elet telung atus pandulu, wujude lintang mau biru, asemu ijo maya-maya, kuwasane ing tembe ya bakal amimbuhi martaning jagad iki kabeh. (Bab 1 kaca 6)*

Lintang nduweni wujud kang gedhe, luwih gedhe saka rembulan. Manggone uga ana sandhuwure rembulan let telung atus pandulu utawa pandeleng. Wernane biru semu-semu ijo. Kuwasane bakal nambahi kaendahane jagad iki mligine wayah wengi, ing langit bisa katon kerlap-kerlip endah banget. Lintang uga nduweni cahya dhewe, ora kaya rembulan kang mung bentuk *refleksi* cahyane srengenge. Lintang cahyane bisa nembus pepedhut mujudake *iman* utawa kapercayan kita saengga bisa nggawa kita saka pepedhut tumuju marang pepadhang.

### Dumadine Surya

Sawise rembulan utawa candra diciptakake sajrone alam sonyaruri, banjur surya utawa srengenge yaiku bunderan kaya bumi sing dadi tuking padhang lan panas ing wayah awan (Poerwadarminta, 1939:1814). Surya

nduweni cahya kang padhang banget lan sipate panas. Kadhang kala bisa dideleng wujude yaiku bunder. Sorot lan panase ngebeki sabawana iki kabeh. Ing tembe, panase bakal mrabawani tumrap panguripane manungsa lan sakabehe *makluk* kang urip ana ing bumi. Kabukti neng pethilan ing ngisor iki.

- 3. srengenge, gedhene luwih saka ing lintang, apadene gone ngumandhang ana sadhuwuring lintang elet telung atus pandulu, wujude srengenge abang amarakata, kuwasane ing tembe bakal mahanani urup-uruping jagad raya iki kabeh. (Bab 1 kaca 6)*

Srengenge wujude luwih gedhe saka lintang, panggone ana neng sandhuwure lintang let telung atus pandulu, wernane abang, lan fungsine yaiku dadi urup-urupe sajagad raya iki kabeh. Surya migunani tumrap panguripan. Yen jagat ora kena cahyane surya, mula kahanane jagat utawa bumi bakal peteng banget lan ora ana panguripan. Sipate surya kang panas, yen tumanduk ana manungsa utawa *makluk* liyane mahanani manungsa mau nduweni *semangat* lan kekuatan kanggo nglakoni uripe. Dene yen manungsa mau kena panase srengenge kang rada kaduk, mula manungsa kuwi mau atine bisa gampang panas.

Surya utawa srengenge ing kene uga minangka simbol cahyane Pangeran. Sejatiné apa-apa kang dumadi ana ing jagad iki asale saka kersane Pangeran. Mula samubarang kang dhisik dhewe ana yaiku cahyane Pangeran, kang sabanjure dadi mula bukane panguripan ing jagad gumelar (Krishnamurti, 2014:3). Srengenge uga bisa ditegesi minangka cahya paningale ati.

### Dumadine Swasana

Swasana yaiku perkara kang kaping papat utawa kang kaping pungkasan ing alam sonyaruri. Swasana minangka samubarang kang migunani kaya surya. Wujude swasana luwih jembar tinimbang wujude surya, rupane ireng meles. Swasana bisa diupamakake sawijine papan kang tanpa wates. Swasana iku dumunung ana ing jabane samubarang, uga dumunung ana ing jerone samubarang. Dadi, swasana iku anglimputi sakabehe samubarang kang ana ing jagad. Bisa kabukten saka pethilan ing ngisor iki.

- 4. swasana, iku gedhene luwih saka srengenge, rupane ireng meles amaya-maya, kuwasane dadi kekandhanganing dumadi iki kabeh. Swasana iku kang binasakake lembut tan kena jinumput, gedhe angebeki jagad, mulane binasakake mangkono, swasana iku saking lembute tur jembar tebane, sawiyah para winasis, ginawe pralambang warongka manjing curiga. Curiga manjing warongka. Mulane mangkono swasana iku sanadyan sajroning watu iya kaebeakan, dening kaananing swasana. Ewadene watu iku mau ing jaba iya ngumandhang ana sajroning swasana.*

#### (Bab 1 kaca 6-7).

Swasana minangka simbol kahanane Pangeran. Sakabehe kang dumadi ing jagad iki saka kersane Pangeran. Mula kahanané sakabehe samubarang ing jagad uga diprabawani lan dilimputi dening kahanane Pangeran. Swasana iku minangka kesatuwan antarane Pangeran lan

titah-E. Pangeran iku kang nguripi titah, dene titah bisa urip uga saka Pangeran. Mula sesambungan antarane Pangeran lan titah mau diupamakake kaya kodhog angemuli lenge apa dene rongka manjing curiga, curiga manjing warongka.

#### Dumadine Tirta

Sajrone jaman sonyaruri kabeh isih suwung, durung ana angin lan banyu segara. Banjur mlebu ing jaman sabanjure yaiku jaman Tirtayoga. Nalika jaman Tirtayoga, wis wiwit ana banyu. Banyu kapisan kang ana ing Tirta Yoga yaiku Tirta Prawita. Tirta mau tegese banyu kang suci. Prawita tegese wiwitan utawa jalaran (Poerwadarminta, 1939:1591). Dadi tirta prawita minangka banyu suci kang kawitan. Proses dumadine diandharake neng pethikan iki.

*...sirat soroting srengenge iku andarbeni daya panas, lawas-lawas soroting srengenge iku anabetti marang swasana, tabet panasing swasana lawas-lawas tumeka ing ngontariksa, tumanduk ing rembulan utawa lintang, lintang rembulan bareng kena dayaning pepanas, temahan tumuli padha kumaringet, dene karingeting rembulan lan lintang, padha tumiba graning gunung cakrawala, prenahing gunung cakrawala, iku dumunung saimbanging bawana kang sisih lor, mungguh karingeting lintang utawa rembulan mau diarani tirta prawita, tegese banyu kang kawitan.*

#### (Bab 1 kaca 7)

Dumadine tirta prawita utawa banyu kang kawitan yaiku saka sorote srengenge kang nduweni daya panas, daya panase ngebeki swasana lan tumeka neng ngontariksa utawa *antariksa* nganti kena rembulan lan lintang. Sawise rembulan lan lintang mau kena daya panase srengenge banjur ngringet lan tumiba neng gunung cakrawala kang panggone ana neng bawana kang sisih lor banjur dadi tirta prawita mau.

Kawatas saka wejangane Dewa Ruci marang Aryasena utawa Bratasena, sejatiné tirta prawita iku yen digoleki ora ana utawa ora bakal tinemu. Tirta iku banyu, banyu iki kang banjur dadi gumelare panguripan. Ing endi ana tirta mesthi ana panguripan. Prawita tegese wening. Dadi tirta prawita mau minangka banyu kang wening, sing sipate suci. Banyu kang wening iku ora mung kasawang saka wenining banyu, ananging uga diawwas saka daya pigunane. Sakabehe titah kang urip ana jagat mesthi padha ora bisa pinisah kalawan banyu utawa tirta.

*Bareng wus antara lawas, tirta prawita mau temah kawawa umili tanpa kendhat sarta banjur angubengi sakubuke jagad iki kabeh, ing kono tirta prawita tumuli karan tirta kumandhanu, tegese banyu mili malengkung utawa banyu urip, wujuding banyu iku putih, wus sarupa kalawan kapuking kapas, sarta anduweni cahya amaya-maya.*

#### (Bab 1 kaca 7)

Pethikan mau nuduhake yen sawise ana tirta prawita, banjur ana banyu kang arane tirta kumandhanu. Tirta kumandhanu wis wiwit mili ngubengi jagad iki kabeh uga kalebu banyu kang suci, wujude banyu putih kaya kapas lan nduweni cahya. Werna putih iki minangka simbol *kesucian*, kabecikan, lan samubarang kang apik. Tirta kumandhanu uga bisa ditegesi minangka banyu

sajrone anggane manungsa kang wiwitan, saya suwe iline saya gedhe lan ngebaki anggane manungsa.

Pethikan mau nuduhake yen jalantahe tirta kamandhanu mau sarta jelantahe pepanas kang kasar padha neng njerone bawana banjur dadi jalanidi utawa segara kuwi mau, dene kang alus bali neng gunung cakrawala maneh, kaya ngono terus salawase. Jalanidi bisa diibaratake cacahé banyu kang ana sajrone anggane manungsa. Saliyane iku uga bisa dilambangake minangksa banyu ketuhan kang ana sajrone bagane biyung. Segara uga bisa disimbolake minangka atine manungsa.

#### Dumadine Tripurusa

Tipurusa neng kene dudu ateges salah sijine ater-ater nanging dumadi saka rong tembung yaiku tri ateges telu lan purusa ateges kuwasa utawa kakendelan (Poerwadarminta, 1939: 1565). Tripurusa dhewe saka Trimurti kang owah jumenenge, diarani tripurusa ateges wahyu telu kang santosa. Ngenani apa wae kuwasane Tripurusa bisa dideleng ing pethikan iki.

*Ing nalika iku trimurti dumunung samadyaning tawang, kang binasakake samadyaning tawang iku alam antara, kang diarani alam antara mau tengah-tengahing dhuwur lan ing ngisor, apadene tengah-tengahing lor lan kidul, wetan kulon, mungguh saikine terusing mangisor ana sadhuwuring bumi Mekah. Ing nalika trimurti jumeneng ana ing kono, sesilih aran tripurusa, werdine wahyu tatelu kang padha santosa, utawa santosane wahyu tatelu, mulane sinebutake mangkono, tripurusa gone jumeneng ana ngalam kono, wus tanpa obah sadina-dinane, saya lawas saya wimbuw ing kasantosane, utawa wimbuw-wimbuw wahywaning wahyune, ing wekasan kawasa anarik sari-sarining bawana, ironing alam tirtayoga kabeh, apadene sorot sirating tripurusa mau, temah padha anguripi sarupaning beburon ing mongsa iku, dene sagunging beburon ing nalika gone dumadi ana sajrone alam tirtayoga mau kang dadi pratandhane kabeh mawa raga cahya, yen ing awang-awang diarani lintang alihan, iku sajatine beburon, ananging beburon ing awang-awang, iku kabeh padha ora kena ing pati, kang awit ora kataman marang hawa sesukering bumi ing salawas-lawase, beda karo beburon kang padha tumuwuh sajroning jalanidhi, ing masa alam iku: kaananing raga iya padha andarbeni cahya, ananging sarehning bakal padha katabetan kena hawaning bumi, kang mesthi tembene kena ing pati, awit ing alam iku kena diarani alam kaalusian, apadene kena kang kasebut karaton siwandakara, werdine kabeh ingkang padha dumadi ana ing alam kono padha darbe cahya mancorong. (Bab 2 kaca 11-12)*

Trimurti kang manggon neng tengah-tengahe tawang (langit) utawa neng alam antara kang tegese tengah-tengahe ndhuwur lan ngisor, lor kidul, wetan kulon, lan saiki terus mangisor manggon neng bumi Mekkah, nalika Trimurti neng kono jenenge owah dadi Tripurusa tegese wahyu telu kang santosa utawa santosane wahyu tetelu. Tripurusa wis manggon neng kono terus lan saya suwe saya santosa saengga bisa narik sarine bawana, sorote padha nguripi beburon. Beburon ing mangsa iku ragane mawa

cahya, yen ing awang-awang diarani lintang alihan, beburon kang ana neng awang-awang iku ora bisa mati, beda karo beburon kang ana neng segara. Ing mangsa iku kabeh raga padha nduweni cahya nanging amerga kena hawane bumi najalari bisa mati, ing alam iku diarani alam kaalusun utawa kraton siwandakara tegese kabeh kang dumadi neng alam iku nduweni cahya kang mencorong.

Tripurusa nuduhake yen Gusti kang Maha Esa kasebut kagungan kuwasa marang jagad saisine. Tri purusa nduweni teges Kang Maha Tunggal asipat telu, kang katelune ora kena pinisahake, kaping pisan yaiku Suksma kawekas kang nduweni sipayat karsa, kaping pindho yaiku Suksma sejati kang nduweni sipayat wicaksana, kaping telu yaiku Roh suci kang nduweni sipayat panguwasa. Katelune mau bisa digambarake kayata srengenge, wujude srengenge iku suksma kawekas, cahya utawa sorote srengenge iku suksma sejati, lan panase srengenge iku roh suci.

Telung bab mau ora kena pinisahake siji lan sijine. Suksma kawekas yaiku Pangeran kang sejati yaiku Allah swt. Suksma sejati iku utusane Gusti, kang dadi pedhomana, pituduh lan guru kang sejati, gurune alam, yen neng Kristen diarani *Sang Kristus*, dene neng Islam diarani *Nur Muhammad* utawa *Nur Dzatullah*. Roh suci cahya-Ne, utawa Sinar-E Allah kang dadi jiwane manungsa kang sejati. Manungsa wiwitane saka Allah lan bakal bali maneh menyang Allah, kang ngripta manungsa kuwi mau, yen neng filsafate wong Jawa diarani sangkan paraning dumadi. Panggone Gusti iku neng pusate urip yaiku neng ati kang suci (*Qolbu mukmin baitullah*). (Widiatmoko, 2013).

### Dumadine Wiji

Saliyane banyu, jaman Tirtayoga uga disimbolake kanthi sawernane wiji. Wiji-wiji mau nduweni werna kang beda-beda. Beda-bedane wernane wiji gumantung saka endi asale wiji kuwi mau. Wernane wiji mau yaiku ana kang putih, abang lan ireng. Apa wae beda-bedane wiji mau bisa dideleng neng pethikan iki.

*Werdining wiji mau telung prakara, kang dhingin putih, wiji putih iku asal saking tirta kumandhanu, arane pramana, werdine sukci utawa padhang, ing tembung Arab diarani rahmani, ing tembung Walonda diarani: sil.*

*Loro rupane abang, wiji kang abang iku angsal saka srengenge, arane mulat, tegese murup utawa terang, ing tembung Arab diarani roh ilapi, ing tembung Walonda diarani: sil.*

*Telu rupane ireng, wiji kang ireng iku angsal saka maruta, arane murti, werdine alus, yen ing tembung Arab diarani roh rabani, tembung Walonda isih diarani sil. (Bab 3 kaca 15)*

Werna wiji kang putih asale saka tirta kumandhanu. Wiji putih nyimbalake bab kang suci mula trep yen asale saka tirta kumandhanu kang wujude uga putih lan suci. Wiji werna putih iku minangka simbol sipayat samubarang kang memper karo sipayat banyu. Kapindho wiji kang wernane abang lan asale saka srengenge. Srengenge nduweni cahya kang panas banget lan sumorot abang. Wji werna abang iki ing tembe mahanani sipayat kang memper karo srengenge. Banjur

katelu wiji kang wernane ireng. Wiji kang ireng iki asale saka maruta utawa angin. Angin minangka samubarang kang ora kena jinumput, mula werna ireng iki minangka simbol samubarang kang katon nanging ora bisa dicekel.

Telung wiji mau uga ana istilah Arabe yaiku roh *rahmani*, *ilapi/idlofi*, lan *rabbani*. Kaping siji yaiku roh roh *rahmani* yaiku roh welas asih, yen roh iki onjo bakal nduweni sipayat kang welas asih (*rahman rahim*) kaya sipayat-E Gusti. Roh iki bakal onjo neng wong kang lagi gandrungan. Sapa wonge kang wis bisa nyawang anane roh *rahmani* iki wernane putih padhang.

Kaping loro yaiku roh *idlofi* kang mujudake roh utama, rohe roh tumrap manungsa, sinebut uga *Johar Awal Suci* utawa *Nur Muhammad*. Roh iki kang njalari manungsa urip ateges yen roh iki metu manungsa bakal mati. Roh iki uga mujudake sumber saka roh-roh liyane, mula yen ana salah siji roh metu saka raga, manungsa iku tetep urip. Manungsa yen bisa weruh roh iki, wujude padha karo manungsa iku dhewe. Alame arupa cahya kang padhang lan rasane sejuk. Manungsa yen bisa nemoni roh iki bakal krasa kaya turu angler utawa turu kanthi ayem banget.

Kaping telu utawa pungkasan yaiku roh *rabbani*, roh iki diprentah lan dikuwasani dening ruh *idlofi*. Alame roh iki ana neng njero cahya kang wernane kuning lan meneng wae utawa ora obah. Manungsa yen kasil nemoni bakal ora nduweni karep apa-apa. Atine krasa tentrem, awak ora ngrasakake apa-apa kejaba mung rasa ayem. (Pramono, 2016).

### Dumadine Bumi

Simbol sajrone Tirta Yoga kang sabanjure yaiku wiwit anane bumi. Bumi iki ing tembe bakal dadi panggon uripe titah. Saliyane minangka papan kanggo urip sekabehé titah, bumi iki mengko uga dadi papan kanggo nggolek sandhang lan pangan. Wiwitane bumi iku mung lemah. Proses dumadine kaya mangkene.

*Banyu jalanidhi kang wus kacaritakake ing dhuwur mau, saben antara wengi kataman ing daya adhem, atemah pupul, yen ing mongsa awan kataman dening hawuning panas temah amer maneh, ananging amering banyu jalanidhi mau anteng anjelantah, lawas-lawas katon tumandhon ing jalantah, temah dadi embag-embag utawa lemah, werdine lemes.*

### (Bab 4 kaca 19)

Banyu segara mau saben nalika wengi kena daya adhem banjur mbeku, nalika awan mbanyu maneh, suwe-suwe nglumpuk lan dadi rawa-rawa utawa lemah tegese lemes. Lemah digambarake minangka awake manungsa.

*Saya lawas saya wimbuh kandele sarta wimbuh santosane, sadhuwuring lemah mau bareng tansah kataman siliring maruta kalawan dayaning srengenge, tumuli garing utawa akas, dene ing jero taksih binuntu, ewasamono santosane lemah iku saka dayaning panukmaning sari telung pakara, siji sarining pepanas, loro sarining banyu, telu sarining maruta, sari tetelu mau gone manukma ing lemah salawas-lawase wus tanpa kendhat, lemah mau bareng wus kataman panukmaning sari tetelu temah kawawa mahanani thethukulan saane, lan sapepadhane, bareng lemah mau wus kawawa mahanani sakeh thethukulan, temah diarani*

#### *bumi,werdine wewadahah (Bab 4 kaca 19-20)*

Lemah mau tambah suwe tambah kandel lan kuwat, ndhuwure lemah mau kena angin lan srengenge ndadekake garing sarta atos dene neng njero isih buntu. Kuwate lemah ya saka dayane telung sari mau (panase srengenge, angin, lan banyu). Sarine telu mau anggone manjing neng lemah ora leren saengga njalari tuwuhe thethukulan saanane. Lemah kang wis dithukuli dening thethukulan mau banjur diarani bumi tegese wadahah. Bumi iku minangka atine manungsa, nalikane panen bumi bakal nuwuhake maneh tethukulan kang ana neng ndhuwure, atine manungsa sawise nglakoni tobat uga bakal nuwuhake maneh apa kang diyakini.

#### **Dumadine Thethukulan lan Kewan**

Thethukulan ana neng jaman sawise Tirtayoga yaiku jaman Kertayoga.. Kerta tegese tentrem, aman, sarwa tata utawa ora rusuh (Poerwadarminta, 1939:640). Dadi Kertayoga minangka alam katelu kang kahanane tentrem. Kertayoga isine ngenani kahanane alam sing tentrem amarga wis kaisi dening thethukulan kang rupa-rupa lan kewan kang werna-werna. Thethukulan nduweni sipat kang adhem, ayem, lan tentrem. Saengga apa-apa kang dumadi ana ing alam iki uga adhem ayem, mula kahanane dadi tentrem. Alam iki disimbolake dening thethukulan, kewan, lan apsara-apsari. Tuwuhe thethukulan kang wis rupa-rupa lan kewan kang werna-werna sajrone jaman Kertayoga kabukti neng pethikan iki.

*Ing jaman kertayoga iku, thethukulaning bumi wus gumelar arupa-rupa. Apadene sato kutu walang ataga, kang wus padha dumadi awarna-warna.*

#### **(Bab 5 kaca 23)**

Saliyane thethukulan kang wis gumelar arupa-rupa, sato kewan uga wis dumadi awarna-warna, bangsane gegremetan kang wis dumadi werna-werna utawa wis akeh jinis-jinise. Thethukulan minangka salah sawijine simbol anane Kertayoga. Thethukulan wiwit ana amarga saka panggon kanggo uripe wis ana, yaiku lemah. Lemah mau dadi sumber pangan lan sumber panguripane. Lemah bisa nguripi thethukulan amarga ngandhut telung sari kang wigati. Telung sari mau yaiku sarine pepanas saka srengenge, sarine tirta kumandhanu, lan sarine angin.

Thethukulan minangka pralambang wiji kang urip. Wiji kang nduweni cahya sing manggon ana bagane biyung kang wis oleh hawa utawa ruh nuli urip. Uripe wiji mau diupamakake kayadene thethukulan. Thethukulan bisane urip amarga ana lemah. Semono uga wiji mau bisane urip amarga saka anane bagane biyung sarta anane bumine wiji mau. Saliyane iku, thethukulan uga bisa minangka pralambang wiwit tuwuhe sakabehe pepenginane manungsa utawa titah.

#### **Dumadine Manungsa**

Manungsa dumadi sajrone jaman Dwaparayoga yaiku jaman kamokalan. Manungsa kang dimaksud neng kene yaiku manungsa kang wis wiwit nduweni raga, saengga bisa nuruti apa kang dadi pepinginane. Tuwuhe pepinginane manungsa uga bebarengan karo saya jangkepe titah neng bumi kayata thethukulan lan kewan. Kekarepane saya mundhak banjur tuwuh akale, anggone sanggama uga wis karo ragane. Manungsa ing jaman iki uga wis ora bisa mati moksa yen ora lumantar tapabrata

uga ora ana kang sekti yen ora tirakat. Manungsa ing jaman iki uga wis padha laku raga saengga anggone kepengin nduweni kaeturunan, wong wadon kudu sarana mbobot. Ing jaman iki wong wis nduweni nepsu kanggo sacumbana/sanggama. Nafsu kanggo sanggama kasebut yen diempet bisa wimbuh muncare dene yen dituruti bakal nduweni putra.

*Yen ana janma sacumbana, mongka lakuning napas, pinuju santer lenging grana kang kiwa, amratandhani manawa wiji mau gone cumithak ana panon kang tengen, iku kandhanganing wiji kang lanang, manawa panuju lenging irung kang tengen, iku mratandhani yen wiji mau cumithak ana panon kang kiwa, iya iku kandhanganing wiji kang wadon, manawa napas kang kiwa lan tengen padha santere, iku mratandhani yen wiji iku cumithak ana satengahing panon, yen tembung Jawa tengahing panon iku diarani manon, manawa ing tembung Arap, diarani insan kamil, ing tembung Walonda diarani ambrekten is, tegese kumpuling rerembesan, sarta paguting rerembes, ingkang mangkono iku ing tembe bakal mahanani putra wandu, kang diarani wandu iku dudu wadon dudu lanang, iya wadon iya lanang. (Bab 6 kaca 30)*

Pethikan mau nuduhake yen kang njalari dumadine manungsa lanang lan wadon. Nalika lakune napas banter tumuju marang bolongan irung kang kiwa mratandhani yen wijine cumithak neng panon kang tengen iku mujudake wiji lanang. Sawalike, yen tumuju marang bolongan irung kang kiwa mujudake wiji wadon. Nalika napas kang kiwa lan padha bantere iku mratandhani yen wiji iku cumithak neng tengah-tengahe panon, kang kaya mangkono ing tembe bakal nduweni putra wandu utawa *berkelamin ganda*.

Manon utawa Hyang Manon yaiku kang mahawikan (Gusti Allah). Mahawikan mujudake sipating Allah kang kang weruh ing samubarang prakara (Poerwadarminta, 1939:558). *Insan kamil* mujudake tembung saka basa Arab kang tegese manungsa kang sampurna, sampurna wujude lan kawruhe. Kasampurnan saka wujude yaiku amerga manungsa mujudake manifestasi-Ne Pangeran, dene kasampurnan saka kawruh yaiku amerga manungsa wis nggayuh tingkat kesadharan paling dhuwur, yaiku sadhar yen hakikate manunggal karo Pangeran, kang diarani makrifat (Mahmud, 2014:35). Bisa ditegesi yen manungsa mujudake wakil Pangeran neng bumi kanggo ngedegake sipat-sipat kang diparingi dening Pangeran marang manungsa. Manungsa uga mujudake sijisijine titah kang bisa ngerten Pangerane kanthi mutlak. Manungsa kang sampurna uga ngerten dirine saengga bisa ngerten Pangerane, kaya Dhawuhe Kanjeng Nabi Muhammad SAW “*Man ‘arafa nafsahu, faqad ‘arafa Rabbahu*” kang tegese sapa wonge kang ngerten dirine, mangka temen-temen dheweke ngerten Gustine.

#### **Nilai-nilai kang Kinandhut sajrone Teks WK**

Sajrone karya sastra mesthi ngandhut nilai-nilai kang bisa kapethik tumrap panguripan. Teks WK ngandhut nilai filosofis kang kenthel banget, mligine tumrap panguripan. Nilai-nilai mau nduweni ancas supaya pamaca tansah luwih becik sesambungane klawan Gusti lan sekabehe titah. Nilai-nilai kang kinandhut sajrone teks WK yaiku welas asih, shalat, tirakat lsp.

### Welas Asih

Welas asih mujudake sipat kang paling onjo sajrone teks WK, meh sekabehane bab meling tumrap pamacane supaya tansah nduweni sipat welas asih. Welas nduweni manfaat kang akeh banget tumrape manungsa. Manungsa kang kepingin entuk wahyu kudu nduweni sipat welas asih iki.

*tancebing cipta kang marang welas asih, mongka binantonan ing tapabrata, adat tumuli cepak tibanning wahyu. (Bab 4 kaca 22)*

Pethikan mau nuduhake yen manungsa kepingin entuk tibanning wahyu kudu tansah welas asih. manungsa kang entuk wahyu bakal didhukung dening sasama. Sipat welas asih saliyane njalari tumurune wahyu uga njalari nduweni putra kang apik.

*Ing saupama ana jalma kang lagi tuwuh tancebing cipta welas asih, kang mesthi urubing pramana biru semu ijo, amaya-maya, ing mongka tumuli ketaman eneng kang kongsi kawawa anarik wiji, sayektine sumusuping wiji iya kang tunggal urup, ing tembe dadining putra, bakal linulutan ing akeh, sarta jatmika, alus budine, nanging kurang lantip panggraitane.*

(Bab 7 kaca 32)

Pethikan mau nuduhake yen manungsa kang nduweni sipat welas asih bakal nduweni putra kang tresna lan asih banget marang wong akeh, tansah nganggo tata trapsila utawa tata krama, budine alus senajan kurang pinter. Welas asih uga njalari sucining getih.

*sarupane kang padha katitipan cipta kang marang welas asih kang supaya antuk sih kawelasaning jagad iki kabeh.*

(Bab 13 kaca 60)

Pethikan mau ngandharake yen nalikane manungsa nduweni sipat kang welas asih bakal entuk kawelasan saka sekabehe jagad iki. Sipat welas asih uga digambarake minangka thethukulan kang subur banget.

Gegambaran manungsa kang welas asih sajrone teks digambarake kanthi mulya banget, kanthi kaya mangkono pamaca bisa njupuk dudutan yen dadi manungsa kudu bisa welas asih tumrap sekabehe titah saengga kita uga diwelasi dening Pangeran lan sekabehe titah mau. Kosok balen saka sipat welas yaiku sipat angkara murka, sipat kasebut uga akeh diandharake sajrone teks iki saengga kita kudu tansah ngedohi sipat angkara murka iki.

### Ngedohi Sipat Murka

Nilai kaping loro kang kinandhut sajrone teks WK yaiku kudu tansah ngedohi sipat murka, murka yaiku sipat bodho, gendheng, ora nrima ing pandum lan kumudu ndheweki (Poerwadarminta, 1939:997). Sipat murka uga mujudake sipat ala saengga kudu ditinggalake utawa didohi dening manungsa amerga bisa njalari bab-bab kang ala ing tembe mburi.

*Kaya ta: tancebing cipta kang marang angkara*

*murka, mongka binantonan ing tapabrata adat tumuli cepak tibanning guntur. (Bab 4 kaca 22)*

Pethikan mau nuduhake manungsa kang nindakake tapabrata nanging nduweni sipat angkara murka bakal entuk guntur. Guntur nalika wis manjing sajrone manungsa bakal digeluti dening sasama saengga cepak blaine lan cumawis bebayane.

*Manawa ana jalma kang lagi tuwuh tancebing cipta arda murka puwa-puwa, kang mesthi urubing pramana dadu bureng amarakata, ing mongka tumuli ketaman eneng kongsi kawawa anarik wiji, sayekti sumusuping wiji iya tunggal urube, ing tembe bakal mahanani putra culika deluya, dura wicarane, adat kang mangkono iku asring kataman lara owah. (Bab 7 kaca 34)*

Pethikan mau nuduhake yen manungsa kang nduweni sipat murka, kumudu oleh akeh lan sawenang-wenang bakal nduweni putra kang dhemen ngapusi, manungsa kang kaya mangkono mau gampang kena lara owah utawa edan.

*kabeh sarupane kang padha katitipan sarahsaning cipta candhala murka iya mahanani candhala murka, marang kang anitipake mau, kaya ta manungsa kang sinengitan dening wong akeh apadene cinakot ing sato kewan, kang sarta karubuhan kayu sapepadhane, (Bab 13 kaca 59)*

Pethikan mau ngandharake yen sekabehe titah yaiku manungsa, tetuwuhan, lan kewan kang nduweni sipat kung ala lan murka bakal disengiti dening wong akeh, dicakot kewan, kerubuhan kayu lan sapepadhane.

*Wondene manawi manungsa kacakot sawer kang sarta kaentup samining bongsa wisa, ananging boten andarbeni kalakuan angkara murka, punika jampenipun ingkang saking upakartining manah, asarana ngampet ambegan, salebetipun teksih cinakot, utawi kaentup wau, ngantos saicalipun raosing sesakit, punika saestu boten tumama wisanipun, makaten ugi kenging latu, utawi dedamel, jangji boten ambekan, saestu cabar kamandenipun, (Bab 17 kaca 76)*

Pethikan mau ngandharake manungsa kang ora nduweni sipat angkara murka nalika kecakot ula utawa kaentup dening kewan kang bangsa wisa, cukup karo ngempet ambegan nalika dicokot utawa dientup mau nganti ilang rasa larane mau, kang kaya mangkono bakal ora mempan wisane. Semono uga yen kena geni utawa gegaman, janji ora ambegan geni lan gegaman mau bakal ora mandi utawa ora ana dayane.

Mangkono mau manfaat yen manungsa bisa ngedohi sipat murka, sekabehe manungsa mesthi nduweni emosi utawa bisa nesu nanging ana tingkatane dheweh-dhewe, ana kang gampang nesu uga ana kang sabar, nanging kabeh kudu bisa ngempet supaya ora ngrugekake diri pribadi lan liyan amerga wong kang wis nesu banget bisa ilang akal sehat. Sipat kudu ndheweki iku uga

mujudake sipate manungsa nanging nalika bisa ngempet bakal entuk kautaman-kautaman lan didohake saka blai kaya kang wis diandharake mau.

### Tirakat

Nilai kaping telu kang kinandhut sajrone teks WK yaiku manungsa kudu tansah tirakat. Tirakat yaiku ngengurangi, nglakoni sesirik lan sapanunggalane (Poerwadarminta, 1939:1888). Saben-saben agama nduweni cara dhewe-dhewe anggone nglakoni tirakat kayata agama Islam anggone nglakoni tirakat yaiku kanthi pasa lan dzikir, yen sajrone agama Hindu utawa Budha yaiku kanthi cara tapabrata utawa semedi. Ancas saka tirakat kasebut yaiku nyedhak marang Pangeran saengga apa-apa kang dikarepake bisa kasembadan, senajan saben agama beda cara anggone nindakake nanging padha-padha ngengurangi mangan lan turu uga ngreksa hawa nepsu. Sajrone teks WK ngandharake akeh banget manfaat saka tirakat kasebut.

Anggone kepengin nggayuh wahyu, daru, teluh braja, lan guntur kudu lumantar tapabrata. Samubarang papat mau mujudake pangilon saka pawongan iku mau, andharane kaya mangkene

*Kaya ta: tancébing cipta kang marang welas asih, mongka binantonan ing tapabrata, adat tumuli cepak tibuning wahyu. (Bab 4 kaca 22)*

Pethikan mau nuduhake yen manungsa kang tapabrata mau nduweni sipat kang welas asih bakal cepak entuk tibuning wahyu.

Apa wae kang diperoleh kabeh saranane yaiku lumantar tapabrata, bisa dijupuk dudutane yen tapabrata mujudake sarana kanggo nggayuh apa kang dikarepake dening manungsa. Manungsa kang kepengin mati moksa utawa nduweni kasekten uga lumantar tirakat.

*ora ana wong bisa mati moksa, yen ora kalawan tapabrata, apadene wus ora ana padha sekti yèn ora kalawan ngengurangi. (Bab 6 kaca 29)*

Pethikan mau nuduhake yen manungsa kang kepengin mati moksa (ilang ora ana jasade) kudu lumantar tapabrata utawa kepengin nduweni kasekten kudu lumantar ngengurangi, ngengurangi neng kene yaiku ngurangi mangan lan turu.

### Salat

Salat yaiku sembahyang kanthi cara Islam (Poerwadarminta, 1939:1680). Kanthi etimologi, salat saka basa Arab kang tegese donga. Miturut istilah, salat nduweni tegese reronen kagiyatan ibadah khusus utawa tartamtu kang diiwiti kanthi *takbiratul ihram* lan dipungkasi kanthi salam. Salat limang wektu (*Shubuh, Dhuhur, Ashar, Maghrib, lan Isya'*) wajib ukume tumrap kang anut agamane Kanjeng Rasul yaiku agama Islam. Salat nduweni manfaat kaya kang diandharake sajrone Al-Qur'an surat Al-ankabut ayat 45 kang unine kaya mangkene "wa-aqimis shshalaata innass shshalaata tanhaa „ani lfahsyaa-i walmunkari" kang tegese tindakna sholat, satemene sholat iku bisa nyegah saka tumindak keji lan munkar. Saliyane bisa nyegah saka tumindak keji lan munkar salat uga nduweni manfaat liyane kaya kang diandharake sajrone teks WK.

*sarampunge sesuci tumuli pinurih sembahyang diarani salat subuh, paedae salat subuh iku rong prakara, kang dhingin, anglesake otot kang padha tumanduk ing badan iki kabeh, awit otot kang padha kaku iku ora nglastarekake lakune getih, getih manawa kurang lestarine lakuning getih ora kawawa maweh adheming panon, panon iku manawa kurang adheme panase kawawa nartani ilining getih kang padha lumaku ana laladaning uteg, getih kang wus panas mau tumuli anjog umanjing ing jantung, sumuking jantung nalika kataman dening panasing getih kawawa ngalumake mani, aluming mani temah ora kawawa maweh sukci, wijiling getih kang panas mau tumuli tangkar-tumangkar tumulare angga iki kabeh, wekasan dadi lara panas, beda karo otot kang ajeg lemese, kang mesthi adoh lelarane, manungsa kang adoh lelarane iku manawa ora kena sambekala adat dawa umure, (Bab 14 kaca 62)*

Pethikan mau ngandharake manfaat salat, mligine salat subuh yaiku ana loro, kaping siji yaiku nglemesake otot kang ana sajrone badan iki kabeh amerga otot kang padha kaku ndadekake miline getih ora bisa lancar. Getih kang panasa bisa njalari kurang maksimal kinerjane jantung lan uteg saengga bisa njalari lara panas, beda karo otot kang ajeg lemese bakal adoh saka lelara saengga yen ora kena blai bakal bisa dawa umure.

Salat kang saliyane salat subuh (duhur, asar, maghrib, isya') nduweni manfaat kang padha kaya dene salat subuh mau. Bisa dijupuk dudutan salat minangka ibadah wajib kang ditindakake dening wong Islam nduweni manfaat ngedohake saka sipat keji lan munkar uga nduweni manfaat tumrap kesehatane awak amerga salat asipat ajeg utawa *istiqomah* saben sedina suwengi limang wektu saengga ajeg anggone nglemesake otot-otot.

### Dudutan

Teks WK ditulis nggunakake aksara lan basa Jawa awujud gancaran kasusun saka 18 bab kang wis diterbitake dening Boekhandel Tan Khoen Swie taun 1922 lan disimpen neng museum Taman Siswa Yogyakarta. Panyerate teks WK iki yaiku Mpu Yogiswara kang disebutake neng samak utawa sampul saka teks kasebut. Basa kang digunakake sajrone teks kasebut yaiku basa Jawa Anyar mligine ragam ngoko, nanging saperangan ana ragam krama, tembung-tembung Kawi uga tembung-tembung saka negara manca yaiku Arab lan Walanda.

Teks WK iki ngandhut aspek filosofis sajrone dumadine jagad. Dumadine jagad kang diandharake yaiku dumadine rembulan, lintang, srengenge, swasana, tirta, rina wengi, segara, maruta, ebun, trimurti, tripurusa, wiji, bumi, asil tambang, thethukulan lan kewan, apsara-apsari, lan manungsa. Kabeh nduweni aspek filosofis dhewe-dhewe kayata dumadine tirta yaiku a) tirta prawita lan b) tirta kamandhanu. Trimurti yaiku nepsu a) *amarah*, b) *aluwamah*, lan c) *sufiyah*. Tripurusa yaiku a) Suksma kawekas, b) Suksma sejati, lan c) Roh suci. Wiji yaiku a) roh *rahmani*, b) roh *ilapi/idlofi*, lan c) roh *rabbani*. Asil tambang yaiku a) pulung, b) wahyu, c) andaru, d) teluh braja, e) guntur.

Nilai-nilai kang kinandhut sajrone teks WK ana papat yaiku welas asih, ngedohi sipat murka, tirakat, lan

salat. Manungsa kang welas asih marang sekabehe titah bakal diwelasi uga dening sekabehe titah. Manungsa uga kudu ngedohi sipat murka amerga njalari bab kang ala tumrap manungsa iku dhewe. Manungsa yen nduwени pepenginan kudu lumantar tirakat supaya cedhak marang Gustine saengga bisa kasil kepenginane. Salat nyegah manungsa saka tumindak keji lan munkar, salat uga nduwени manfaat tumrap kesehatane manungsa yaiku lumantar nglemesake otot-otot.

#### **Pamrayoga**

Reriptan sastra awujud naskah utawa teks mligine teks mistik filosofis sejatine nduwени isi kang jembar banget mula prelu ditliti luwih jeru maneh kanggo bisa mangerteni isi lan maksud saka naskah utawa teks kasebut. Teks WK nggunakake basa lan aksara Jawa saengga bisa digunakake kanggo pasinaon bab basa lan aksara Jawa. Sejatine teks iki ngandharake ngenani dumadine jagad iki saengga nduwени fungsi kang akeh banget tumrap manungsa saengga bisa luwih tresna marang alam semesta mligine sesamaning titah.

#### **KAPUSTAKAN**

- Arifin. 2000. *Filsafat Pendidikan Islam*. Jakarta: PT. Bumi Aksara.
- Budi, Wayan. 2016. Makna Simbolik Trimurti dalam Kehidupan di <https://gamabali.com/makna-simbolik-trimurti-dalam-kehidupan/> (diakses pada 20 Mei 2019).
- Baried, Siti Baroroh, dkk. 1994. *Pengantar Teori Filologi*. Yogyakarta: Badan Penelitian dan Publikasi Fakultas Sastra Universitas Gajah Mada.
- Ciptoprawiro, Abdullah. 1986. *Filsafat Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Mistik Kejawen: Sinkretisme, Simbolisme, dan Sufisme dalam Budaya Spiritual Jawa*. Yogyakarta: PT Narasi.
- \_\_\_\_\_. 2008. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Media Pressindo.
- \_\_\_\_\_. 2013. *Filsafat Sastra Hakikat, Metodologi, dan Teori*. Yogyakarta: Layar Kata.
- Hadiwono, Alvin. 2011. *Pengembangan Horizon Kesadaran Mikrokosmos-Makrokosmos sebagai Gaya Hidup dalam Perencanaan Kota Hijau*. Hal. 313-314. Pada tanggal 18 Maret 2019.
- Haris, Abdul & Kivah Aha Putra. 2012. *Filsafat Pendidikan Islam*. Jakarta: Amzah.
- Kattsoff, Louis. 2004. *Pengantar Filsafat*. Dijarwakake dening Soejono Soemargono. Yogyakarta: Tiara Wacana.
- Koentjaraningrat. 1984. *Kabudayan Jawa*. Jakarta: PN Balai Pustaka.
- Krishnamurty, Wratsari. 2014. Serat Darmasonya (Suntingan Teks lan Wawasan Semiotika). *Baradha*. 2 (3): 4-6.
- Mahmud, Akillah. 2014. Insan Kamil Perspektif Ibnu Arabi. *Sulesana*. 9 (2): 35.
- Milah, Achsin Syifaул. 2011. Kosmologi Filsafat di <http://filsufcinta.blogspot.com/2011/01/kosmologi-filsafat-makalah.html?m=1> (diakses tanggal 15 Maret 2019).
- Padmosoekotjo. 1955. *Ngengrengan Kasusastran Djawa*. Djokdja: Hien Hoo Sing.
- Poerbatjaraka. 1964. *Kapustakan Djawi*. Djakarta: Penerbit Djambatan.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawa*. Batavia: J.B. Wolters Groningen Batavia.
- Pramono, Sandy. 2016. Tingkatan dan Macam-macam Roh (Ruh) di <http://kisahnyatamatistis.blogspot.com/2016/01/tingkan-dan-macam-macam-roh-ruh.html?m=1> (diakses tanggal 21 Mei 2019).
- Purnomo, Bambang. 2007. *Filologi dan Studi Sastra Lama*. Surabaya: Bintang Surabaya.
- \_\_\_\_\_. 2011. *Kesastraan Jawa Pesisiran*. Surabaya: Bintang Surabaya.
- \_\_\_\_\_. 2013. *Filologi dan Studi Sastra Lama: Sebuah Pengantar Ringkas*. Surabaya: Bintang Surabaya.
- Purwadi & Djoko Dwiyanto. 2009. *Filsafat Jawa*. Yogyakarta: Panji Pustaka.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2013. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Runes, Dagobert D. (ed.). 1971. *Dictionary of Philosophy*. New Jersey: Littlefield Adam &CO.
- Siswanto, Joko. 2005. *Orientasi Kosmologi*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Soemawisastra, Billy. 2008. Jagat Alit di <http://jagatalit.com/about/> (diakses tanggal 23 Februari 2019).
- Suryadi, Linus. 1995. *Dari Pujangga ke Penulis Jawa*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Suwarni & Sri Wahyu Widayati. 2016. *Sastra Jawa Klasik Antara Kreasi dan Adaptasi*. Surabaya: Penerbit Bintang Surabaya.
- Wibawa, Sutrisna. 2013. *Filsafat Jawa*. Yogyakarta: Universitas Negeri Yogyakarta.
- Widiyatmoko, Sunandar. 2013. Pokok-pokok Ajaran Sang Guru Sejati atau Sang Suksma Kawekas di <http://sunandarwidiyatmoko.blogspot.com/2013/04/pokok-pokok-ajaran-sang-guru-sejati.html?m=1> (diakses tanggal 20 Mei 2019)